# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–06 अप्रैल 2024** **भोजपुरी समाचार**

भाजपा के वरिष्ठ नेता अउर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आजु सहारनपुर से भाजपा ओम्मेदवार राघव लखन पाल अउर कैराना सीट से ओम्मेदवार प्रदीस चौधरी के समर्थन में सहारनपुर में जनसभा कइलें। जनसभा में उहां के नारी सक्ति के बारे में बोलत कहलीं कि सक्ति उपासना हमन के स्वाभाविक, अध्यात्मिक यात्रा क हिस्सा हवे बाकिर आईएनडीआईए क लोगि चुनौती दे रहल हवें कि उनकर लड़ाई सक्ति के खिलाफ हवे। ओन्हे पता नइखे कि जवन लोगि सक्ति क नष्ट कइले क कोसिस कइले उनकर का हाल भइल हवे। प्रधानमंत्री दावा कइले कि भारत के आजादी क लड़ाई लडे वाली कांग्रेस दसकों पहिले खतम हो चुकल बाटे। उहां के भाजपा के स्थापना दिवस के मौका पर कार्यकरता लोगिन के बधाई देत कहली के भाजपा लोगिन क भरोसा जितले हवे। ई पारटी राजनीति नाही राष्ट्रनीति पर चले ले। हमहन खातिर देस अउर देस हित से बड़हन कुछु नइखें। दलित कल्याण हमहन बदे चुनावी घोषणा नाही बलुक मिशन हउवे।

उहां के कहलीं कि अजोध्या में रामलला क भव्य मंदिरों चुनावी घोषणा नाही बलुक हमहन क मिसन रहे। एह सालि राम नवमी के शुभअवसर पर प्रभु श्री राम टेंट में नाहीं बलुक भव्य मंदिर में दर्शन दीहें। प्रधानमंत्री कहलें कि प्रदेस में योगी आदित्यनाथ के अगुवायी वाली सरकार कानून व्यवस्था के मामिला में तनिको छूट देवे वाली नइखे। योगी आदित्यनाथ प्रदेस में सुरक्षा के साथे–साथे निवेसो क माहौल बनवले हवें। ई क्षेत्र अपने कृषि उत्पादन के नाते जानल जाला अउर हमार सरकार दस सालि से किसानन के हित बदे कार कइ रहलि हवे। प्रधानमंत्री ने कहा कि प्रदेश में योगी आदित्यनाथ के नेतृत्व वाली सरकार, कानून व्यवस्था के बिषय में तनिक भी छूट देने वाली नहीं है। योगी आदित्यनाथ ने प्रदेश में सुरक्षा के साथ–साथ निवेश के लिये भी माहौल बनाया है। यह क्षेत्र अपने कृषि उत्पादों के लिये भी जाना जाता है और हमारी सरकार दस साल से किसान हितों के लिये काम कर रही है।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ कहले हवे कि हम नया भारत में आवे वाली पीढ़ी क भविष्य बना रहल हईं। हम सभे सौभाग्याशाली हई कि बदलत भारत के देखत हई। हमहन के अइसन भारत का दर्शन कइल रहल हई जवन दुनिया में वैश्विक मंच पर ग्लोबल लीडर अउर विश्वस्तरीय इंफ्रास्ट्रक्चर बदे जानल जा रहल हवे। ई भारत दुनिया के विकास अउर गरीब कल्याण के कार्यक्रम क मॉडल दे रहल हवे। भारत क ई मॉडल नवजवानन के रोजगार क गारंटी अउर आस्था के सम्मान दे रहल हवे। पहिले जवन मुद्दा पर चर्चा कइले में लोगि हिचकिचात रहलें आजु प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के अगुवाई में ओह कार के कइलें में कउनो रूकावट नाही आ रहल हवें। मुख्यमंत्री आजु सहारनपुर, कैराना अउर बिजनौर के ओम्मेदवारन के पक्ष में अलग–अलग जनसभा के संबोधित करत रहलें। उहां के कहलीं कि लोगि हमहन के जाति संप्रदाय, तुष्टिकरण अ चाहे कउनों वाद के आधार पर नाही बलुक विकसित भारत के संकल्पना अउर आवे वाली पीढी के उज्जवल भविष्य बदे ओट दे।

**********

उप मुख्यमंत्री ब्रजेश पाठक प्रदेस के सज्जों चिकित्साधिकारियन के मौसमी बेमारियन से बचाव अउर रोकथाम क निर्देस दिहले हवे। उहां के कहली कि अस्पतालन में  दवाई क कमी न होखे पावे अउर डाक्टर लोग समय पर मौजूद रहें। श्री पाठक कहले कि अस्पतालन में गरमी से बचाव बदे सज्जों जरूरी तैयारी पूरा कई लेहल जाए। हीट वेब के लेके सावधानी रखल जाये अउर जमीनी स्तर पर गरमी से होखे वाली बेमारियन के आंकड़ा  जुटा के ओकरे रोकथाम खातिर प्रभावी कारवाही कइल जाए।

**********

अजोध्या के भव्य राम मंदिर में रामलला के प्राण प्रतिष्ठा के बाद पड़े वाली पहिली रामनवामी के लेके तैयारी जोर सोर से हो रहल बाटे। रामनवमी मेला नौ अप्रैल से सुरू हो जाई। राम जन्मोत्सव सत्रह अप्रैल के बाटे ऐही नाते अजोध्या में भीड़ बढले के संभावना के देखत परिवहन निगम आपन तैयारी तेज कई दिहले हवे। निगम की ओर से एक सौ बीस बसन के अतिरिक्त बेडा चलवले क तैयारी बाटे एकरे बदे अजोध्या में हाईवे के किनारे टेम्परेरी बस स्टैण्डों बनावल जाई। परिवहन निगम क सहायक क्षेत्रीय प्रबंधक आदित्य प्रकाश बतवले कि श्रद्धालुअन के बढ़िया इतजाम मिले एकरे बदे अतिरिक्त कर्मचारियन क तैनातियों कइल जा रहल हवे। ओहीं श्रीराम जन्मभूमि तीर्थ क्षेत्र ट्रस्ट रामनवमी में भारी भीड़ जुटले के अनेसा के नाते श्रद्धालुअन से अपील कइले हवे कि लोगि अपने घरही में राम नवमी मनावें।

ओहर राम मंदिर निर्माण समिति क चेयरमैन नृपेन्द्र मिश्र बतवले कि अजोध्या में राम मंदिर निर्माण में अब एलएनटी अउर टाटा कंसल्टेंसी के सथहीं उत्तर प्रदेश राजकीय निर्माण निगमों मिलि के काम करी। राम मंदिर क पहिला अउर दूसरका तल्ला अउर पहिला तल पर राम दरबार ऐह सालि के आखिर ले तैयार कई लिहल जाई।

श्री मिश्र बतवले कि कुबेर टीला क काम शुरू हो चुकल बाटे। सप्तऋषि मंदिर के नेई क खोदाई पूरा हो चुकल बाटे। निर्माण में सबसे बड़हन चुनौती परकोटा मने परिक्रमा निर्माण क हवे। परकोटा के लंबाई सात सौ पचास मीटर हवे । श्रद्धालु भगवान रामलला के करीब एक किलोमीटर क पैकरमा करिहे। उहां के बतउली कि राम नवमी के दिने भगवान श्रीराम के माथे पर सूरूज क किरिन पड़े एहू के कोसिस हो रहल बाटे। वैज्ञानिक ऐहू पर कार कई रहल हवें।

**********

मतदान प्रतिशत बढ़ावे बदे प्रदेश के सज्जों जिलन में मतदाता जागरूकता के कई गो कार्यक्रम आयोजित कइल जा रहल हवे। ऐही क्रम में कौशाम्बी में डायट कार्यालय के हाता से बाइक रैली निकारल गइल। चित्रकूट में महाविद्यालय क छात्रा लोगिन के ओरि से मेंहदी अउर भाषण प्रतियोगिता क आयोजन कइल गइल।

**********